# Bosaǵan jer maydanların qayta egiw hám qosımsha jumıs orınların jaratıw boyınsha kórgizbeli seminar bolıp ótti

Biydaydan bosaǵan jer maydanlar qayta egiw hám jańa jumıs orınların nátiyjeli shólkemlestiriw ushın jaqsı imkaniyat esaplanadı.
Bul álbette topıraqtıń ónimdarlıǵı mineral tóginlerdiń óz waqtında jetkeriliwi hám eń baslısı únemlewshi texnologiyalardan paydalanıw menen tıǵız baylanıslı.
Prezidentimiz Shavkat Mirziyoev basshılıǵında 2021-jıl 8-iyun kúni ótkerilgen videoselektor májilisinde bergen tapsırmasına muwapıq, biydaydan bosaǵan jer maydanların qayta egiw hám jańa jumıs orınların jaratıw boyınsha sistemalı jumıslar alıp barılmaqta.

Image not found or type unknown

Búgin Taqıyatas rayonı «Naymankól» awıl puqaralar jıyını aymaǵındaǵı biydaydan bosaǵan jer maydanların qayta egiw, agrotexnikalıq ilajlardı ótkeriw, talap etiletuǵın resurslardı óz waqtında jetkeriw boyınsha «Madat-Botir» fermer xojalıǵında kórgizbeli seminar bolıp ótti. Rayondaǵı bosaǵan 737 gektar jerge awıl xojalıǵı eginlerin, atap aytqanda miywe овощ, maylı eginler hám azıq-awqatlıq zatlardı egiw rejelestirilgen.

Image not found or type unknown

Seminardı ótkeriwden tiykarǵı maqset bosaǵan egislik jerlerden únemli paydalanıw arqalı kem tamiynlengen “Temir dápter”, “Jaslar dápteri” hám “Hayallar dápteri”ne kirgizilgen jumıssız puqaralardı qollap-quwatlaw, olardıń bántligin támiyinlew menen birge qosımsha dáramat tabıw sistemasın engiziwden ibarat.

Image not found or type unknown

Kórgizbeli seminarǵa Qaraqalpaqstan Respublikası Ministrler Keńesiniń Baslıǵı Qaxraman Sariev qatnasıp, jerden nátiyjeli paydalanıp, suwǵarılatuǵın jerden eki-úsh ret ónim alıw arqalı xalıqtıń azıq-awqat ónimlerine bolǵan talabın qanaatlandırıw hám onıń ushın

topıraqtıń meliorativ jaǵdayı menen ónimdarlıǵın jaqsılawǵa itibar qaratıw úlken áhmiyetke iye ekenligin atap ótti.

Image not found or type unknown

Ministrler Keńesi Baslıǵı Qaxraman Sariev jer berilip atırǵan jaslar menen sáwbetlesti, olardıń rejeleri menen pikir usınısların tıńladı. Sonday-aq, jaratılıp atırǵan imkaniyatlardan utımlı paydalanıw, jerden jaqsı ónim alıw boyınsha óziniń usınısların bildirdi. Jaslarǵa berilip atırǵan jerler salıqtan azat etiletuǵını haqqında atap ótti.
Sonıda ayrıqsha atap ótiw orınlı, berilip atırǵan jerler fermer xojalıǵı tárepinen egilip, barlıq agrotexnikalıq ilajlar islep beriledi. Jaslardan tek ǵana egindi tárbiyalaw hám mol ónim alıwǵa tırısıw talap etiledi.
Ilaj dawamında 9 gektar jer maydan «Jaslar dápteri» ne kirgizilgen 40 jasqa bólip berildi hám kúnniń ózinde másh egiw processi baslap jiberildi.

Image not found or type unknown

Image not found or type unknown

QR Ministrler Keńesiniń Málimleme xızmeti